kuy njëw ci yéen ci àjjuma ji na sangu

Jële nañu ci Abdullah Ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dégg naa Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «kuy njëw ci yéen ci àjjuma ji na sangu».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day feddali ci ne ku bëgg a dem ca jullig Àjjuma ja sopp nañu ci moom mu sangu, kem sangul janaba.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5394